Д А-47

AXMET AQNAZAROV

# SHOKOLADÍ QÁNEKEY?



UDK: 821.512.121-1
BBK: 5 Qar
A-47

**A. AQNAZAROV.**
**Shokoladı qánekey?** *(qosıqlar)* — Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-jıl, 28 bet.

Avtordıń mektepke deyingi hám kishi mektep jasındaǵı oqıwshılarǵa arnalǵan bul toplam latın grafikasına tiykarlanǵan qaraqalpaq álipbesinde qayta basılıp, balalarǵa usınılmaqta.

ISBN 978-9943-4731-5-7

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87835

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-j.
© A. Aqnazarov, 2016-j.

## FUTBOLSHÍ

Top ornına Teńelbay,
Malaqayın top etti,
Tompańlap bir tepkeni,
«Top» salmaǵa shomp etti.

Eńkeygeni sol edi,
Malaqayın almaǵa,
Tayıp ketip ayaǵı,
Jalp etti ol salmaǵa.

Jaǵasınan kirgen suw,
Balaǵınan sorǵalap,
«Futbolshımız» kemseńlep,
Qayttı moynı salbırap.

## PÁNT

«Az berdiń maǵan,
Góshti», — dep Maxan.

Shawqımdı saldı,
Ókpelep qaldı.

Teris qarap ol,
Otırǵanı sol.

Pıshıǵı etti,
Ilip áketti!

## MENIŃ ÁJAǴAM

Azanda, keshte,
Kóshe baqlaydı.
Qayda júrse de,
Tártip saqlaydı.

T.19

Biytártip, shataq,
«Batır» hám menmen,
Qashadı zırlap,
Onı kórgennen.

Avtobus, «Volga»,
«Moskvich» mingen.
Toqtaydı dárhal,
Bir qolı menen.

Meniń ájaǵam,
Sonday zor adam!

Al, kim úkege,
Mushın kóterse,
Jası úlkenge,
Murın kóterse,

Jol boyında ya,
Júrse ılaǵıp,
Yaki mashinaǵa,
Asılsa barıp.

Onday balanı,
Uslaydı «tur» dep.
Isi shalanı,
Qoyadı tergep.

Meniń ájaǵam,
Sonday zor adam!

Bol, dep, tártipli,
Aytar hár qashan.
Alǵandı tildi,
Maqtar hár qashan.

Men onıń sózin,
Eki qılmayman.
Bárqulla ózin,
Janday sıylayman.

Ájaǵamdı sol,
Aytsam ba eger,
Forma kiygen ol —
Milicioner!

Seniń ájaǵań,
Ol qanday adam?

**KIM DEYDI?**

Bir bala,
Uslap tek,
Qálemdi.
Jazaman,
Qosıq dep,
Al, endi...
Otırdı,
Otırdı,
Otırdı,
Bir betti,
Aqırı,
Toltırdı.

Bas jaǵı,
Oqısaq,
Ózinen.
Basqası,
Bayqasaq,
Ózgeden.

Kóshirse,
Tap sonday,
Tayındı,
Kim deydi,
El onday,
«Shayır»dı?

## «MIYAW»

Kórsetip em,
Kitabımnan,
Pıshıqtı.
Súwretine,
Kishi úkem,
Qızıqtı.

Bilmegensip,
Sorap edik:
—Bul ne, haw?
Sál irkilip,
Úkem dedi:
—Bul... miyaw!

## LAPGÓY BALA

**Lapgóy bala:**

— Dem alısta,
Jalǵız-jekke,
Bardım awǵa,
Teńiz betke.

Al, men qashan,
Qarmaq salıp,
Bos qaytqanman,
Harıp-talıp?

Bul gezek te,
Kórseńizler,
Sharladım-aw,
Kók teńizde!

Balıq tuttım,
Qalta-qalta,
Kit te tústi,
Qaytar waqta.

Uzınlığı,
Jeti qulash.
Tórt tonnaday,
Keler tutas.

Jayday jerdi,
Alıp jattı.
Ne islewge,
Basım qattı.

Bersem dep em,
Adamlarǵa.
Jaqın keler,
Adam bar ma?

Qorqıp bári,
Daǵıp ketti.
Jiberdim soń,
Íǵıp ketti.

**Balalar:**

Ákelmepseń,
Usı jaqqa?

**Lapgóy bala:**

— Sıymaydı-dá,
Biziń japqa!..

## «DOS»

Aldına alıp
Qálem, qaǵazdı.
«Quslar—dostım» dep,
Shıǵarma jazdı.

Kewlinde endi,
Ándiyshe joq-tı.
Otırıp soń ol,
Rogatka soqtı.

## «DILWAR»

Sóz bermey dosqa,
Sóyleydi bosqa.

Qarıs tili bar,
Turǵan bir dilwar.

Kóshede sheshen,
Bolǵanı menen.

Klasta biraq,
Ábden albırap,

Turar túrlenip,
Tili gúrmelip!..

## USHQALAQ

Kepkanıń joq qasnaǵı,
Kóylegine bir qara.
Sádep ornı almasqan,
Qoltıǵında júr jaǵa.

Túri anaw shalbardıń,
Ílay-ılay qos balaq.
Botinkanıń bawın da,
Baylamaptı ushqalaq.

Shala jep ol awqatın,
Shıqqan eken hawlıǵıp.

Oyınǵa tez jetiwge,
Shaptı kewlin taw qılıp.

Baylamaǵan bir bawın,
Basıp qalıp biraq ta,
Omaqazan attı ol,
Barmay ele uzaqqa.

Sazayıńdı tarttıń-aw,
Háy, ushqalaq, ushqalaq.
Tazalıqtı úyrenip,
Ústi-basqa júr qarap.

## «PALWAN»

Yaslide Bekbol,
Hámmeden shaqqan.
Palwan edi ol,
Qatarın jıqqan.

«Dım kúshli» desip,
Júrsek isenip.
Uyalttı biraq,
Mektepke kelip.

Kóbeyte bilmey,
Úshke úshti ol.
Esaptan birden,
«Awnap tústi» ol...

## BIR DANA SHOPAQ

Qaladan bir qawındı,
Alıp keldi atası.
«Yashaqay»lap quwandı,
Bazarlıqqa balası.

— Abayla, haw, Esenbek,
Bul — qawınnıń aǵlası!
«Shabbazı» der, jeseń tek,
Til úyirer mazası.

Al, palawdan soń biraq,
Dámin tatsań, pay, endi!
— Onda, ata, házir-aq,
Jarıp jesek qáytedi?

— Bolma, balam, sabırsız,
Kórmegendey hesh burın.
Jeymiz ele bárimiz,
Awqattan soń keshqurın...

Atası óz isine,
Ketip qaldı asıǵıp.
Al, Esenbek tisiniń,
Suwın sordı jasırıp.

* * *

Hesh kim joqta Esenbek,
Kirdi úyge eleńlep.
Oylamadı izinen,
Ózime sóz keler dep.

Júr ózinshe kópirip,
«Ne der deyseń jegenge!».
Soń qawındı kóterip,
Tartıp urdı edenge!

Gil shopaqlar shashırap,
Tiydi ústi-basına,
Irkilmesten pısınap,
Jey basladı asıǵa.

«O» ne degen shiyrin, pay!
Aytqanınday pal eken.
Bunday qawın yapırmay,
Qay awılda bar eken?..»

Ketkenler de jumısqa,
Keldi sol gez daladan.
Tığıldı bir quwısqa,
Áne, biziń «qaharman»!

* * *

Kórip patas edendi,
Hayran boldı úy ishi.
Búldirgen, haw, kim endi,
Qay tentektiń bul isi?

Esenbekti shaqırıp,
Sorap edi atası.
Kele sala asığıp,
Suwdırladı balası:

— Kim ekenin bilmedim,
Kórinbedi qarası.
Jesem «jedim» der edim,
Pıshıq jegen, shaması...

Sonda ata ulınıń,
Ótirigin bayqadı,
Hám unatpay qılığın,
Basın áste shayqadı.

Alıp berip aynanı:
— Betińdi bir kór, — dedi.
...Mańlayında jaylasıp,
Sarı shopaq tur edi!

## ÍLAǴÍM ELIKLEP QORAZǴA

Quyrıǵı,
Bir tutam,
Ílaǵım,
Shoshaytıp
Shappattay
Qulaǵın.

Qorazǵa,
Eliklep
Azanda,
Juwırdı.
Sekeńlep
Dalańda.
Jetiwge
Qorazdıń
Qasına,
Soń shıqtı
Shertektiń
Basına.

Al, Qoraz,
Qaramay
Ílaqqa,
Pál-pállep,
Ushtı tik,
Dım shaqqan.

Qalsın ba,
Qorazdan
Ílaq ta,
Ol da tap,
Írǵıdı,

Bir waqta.
Biraq ta,
İlağım
Jığıldı
Bılǵaqlap...

## SHOKOLADİ QÁNEKEY?

Paraxat hám anası,
Barıp edi bazarǵa.
....Qızǵın qawın sawdası,
Jer joq ayaq basarǵa.

Baqırıp tur bir kisi,
Qarap kirgen-shıqqanǵa.
Usamaydı túr-túsi,
Awıldağı diyqanǵa:

— Qawın deseń kel bunda,
Jarıp kór de dámin tat.
Jemegenler ármanda,
Ishinde bar shokolad!

Bala ertip anasın,
Sol tárepke asıqtı.
...Úyge kelip alǵanın,
Jarıp kórse, kók shıqtı!

Anası da tań qalǵan,
Ayttı sonda Paraxat:
—Haw, qayaqqa joǵalǵan,
Qawındağı shokolad?!

## ÚKEM

«Márt» dep júrgen úkem,
Qızıq boldı bir jola.
Kórip televizordı,
Otır edik úy tola:

Iyt kórinip ekranda,
Kelip qaldı shabalap.
Sol waqıtta úkem de,
Tura qashtı «apa»lap!

## QONAQQA KELIŃ

Mirátim bar:
Keliń bizge.
Baw-baqshalı,
Úyimizge.

Túrli jemis,
Qatar turǵan.
Dúzeymen tez,
Keń dasturxan.

Sútli as pa?
Gósh deysiz be?
Gúrtik ya
Qáleysiz be?

Palaw,
Mantı,
Tefteli me?
Qatıq salǵan
Pelmendi me?

Ne deseńiz,
Jeseńiz ne,

Pisiremen,
Kelseńizler.

Aspazlıqtı,
Óytkeni, men,
Dógerekte
Úyrengenmen!

## BALÍQSHÍ

Qońsımızdıń balası,
Tutaman dep balıqtı.
Jemtigin kóp ákelip,
Salmaǵa qarmaq salıptı.

«Bunda balıq bolmaydı»,
Desek urtın tompayttı.
Aytqan sózin tıńlamay,
Gewgimde ol bos qayttı.

## TÁSIRLI KEŃES

Ájaǵası Asanǵa,
«Kitabıńdı kút» depti.
«Shań tiygizbe jırtpa da,
Bárha taza tut» depti.

Ózi jalqaw Asanǵa,
Bul sóz jaqsı bolıptı,
Sonnan beri kitapqa,
Qol tiygizbey qoyıptı.

## QOL TIYGIZBEY...

Ídıstı pal salınǵan,
Qoyıp edim quwısqa,
Búldiripti Saǵınjan,
Ketkende men jumısqa.

«Tiygizdiń nege palǵa qol»,
Dep tergesem inimdi.
— Qoldı emes,— deydi ol, —
Tiygizgenmen tilimdi...

## MAQTANSHAQ

Minájdiń sharın,
Kórdi de Nazar,
Dúkanǵa barıp,
Satıp aldı shar.

«Etemen úlken,
Onıkinen» dep,
Usı oy menen,
Isirdi úplep.

Kem-kem isip shar,
«Paq» etti sonda,
Maqtanshaq Nazar,
Bir urdı sanǵa...

## OYSÍZLÍQ

Tawıp bir bos shiysheni,
Berdi Joldas Nurtasqa.
— Erligińdi kóreyin,
Qáne, — dedi, — ur tasqa!

Sonda Nurtas elirip,
Keldi tastıń qasına.
Tartıp urdı shiysheni,
Aylandırıp basınan.

Qıyaqları shiysheniń,
Shar tárepke ılaqtı.
... Biraq, sol kún ol sınıq,
Kóp balanı jılattı...

## JUMBAQ

Ańǵa shıǵıp Qızılǵa,
Battım talay qızıqqa.

Tańnan jayaw ketken men,
Úsh saatta jetkenmen.

«Olja» tappay biytaqat,
Júrdim taǵı bir saat.

Gezlesti iz: qos qoyan!
Tústim izge jalma-jan.

Bir saat jol basqanda,
Quwıp jettim qashqanǵa.

Attım qatar eki oq,
Ekewi de tiygen joq.

Sıtırlatıp aqbastı,
Qızıl túlki taq qashtı.

Oǵan da oq attım qos,
Qos oǵım da ketti bos.

Qasqır shıqtı aldımnan,
Názerledim alqımnan.

Shaytanbedi, jinbedi?
Tórt oǵım da tiymedi.

Setem alıp kiyik te,
Asıp ketti biyikten.

Bir oqtı she, sasqanda,
Atıp qoydım aspanǵa!



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q

Qullası, men daladan,
Qayttım qurı alaqan...

Kim bilse san-sanaqtı,
Tapsın usı jumbaqtı.

Qansha waqıt jog̓alttım,
Bosqa neshshe oq attım?

Kórgen ańım neshe túr,
Qossaq bári neshedur?

## YUMORLAR
*(Dúrkin)*

## TUSH TABÍLMAY MA?

Aq palasqa,
Ústime,
Qoydım tógip,
Tushtı men.

Qara tush ne?
Tabılar.
Qızıl, kógi,
Tag̓ı bar.

Kerek bolsa,
Qaysı túr,
Dúkanlarda,
Bári tur.

Sonda da she,
«Uh» deyip,
Apam meni,
Júr keyip!..

## PÍSHÍQTÍŃ QAM ETI

Sińlisine
Tiyisli,
Pıshıǵı bar
«Iris»ti,

Arshıp bolıp,
Aǵası,
Uslattı tek
Qaǵazın:

— Qanday jaqsı,
Súwreti!
Mınaw onıń
Qam eti.

Jeme qamlay
Etti,—dep,
«Qam»dı ózi
Ketti jep!

## KIM TÓBELES TAPPAQSHÍ?

*Tárbiyashı:*

— Mine, saǵan,
On dápter.
Onǵa shekem,
Sanap ber.

Tayır alsın
Úsh dápter.
Zayır alsın
Úsh dápter.

Úkeńe de
Úshewi.
Qaldı sağan
Neshewi?

*Bala:*

— Ne qaları,
Sóz emes.
Bolar sońı
Tóbeles!..

## «QULAQ TAWLAW»

Magnitofon
Sayrap tur.
Bar hawazda,
Shağlap tur.

Ákem ayttı:
— Qarağım,
Tawlap qoyshı,
Qulağın!

Turıp edim,
Ornımnan.
Tarttı inim,
Qolımnan.

—Qulağına
Tiyme sen.
Ayıbı ne,
Islegen?..

## «SHIRESHIL»

Shokoladtı
Jeydi ol.
Marmeladtı
Jeydi ol.

Qant salınǵan
Chaydı da
Uwıldırıq,
Maydı da.

Shekerdi de
Paldı da.
Jeydi qoysań
Aldına.

Atı sonnan:
«Shireshil»
.....Biraq, yaman
Ashshı til!

## KIM MENEN?

Eki bala,
Mektepte,
Sóylesip tur,
Bir shette:

— Iniń bar ma?
— Joq ele.
— Sińliń bar ma?
Joq edi.

— Onda saǵan,
Bos waqta,

Qıyın eken,
Biraq ta.

Aqır, jora
Úyde sen.
Talasasań
Kim menen?

## QAYSÍSÍ JAQSÍ!

Erkeletsem,
Súysem de,
Tappas búlik
Úkemdey.

Qabaq úysem,
Túrtsem de,
Shıǵarmas daw
Úkemdey.

Qant ya palın
Jesem de,
Jılamas dım
Úkemdey.

Sonlıqtan da,
Úkemnen,
Quwırshaǵım
Zor deymen?

## «TÚRIK QULAQ»

Tınısh ózi,
Partada.
Eki kózi
Taxtada.

Ǵıbır etpes,
Qas qaqpas.
Birewge hesh
Til qatpas.

Bar sanası,
Bul waqta,
Aylanadı
Qulaqqa.

Tıńlaydı tıń,
Esin jep.
Qońırawdıń
Sestin tek!

## EKIGE BÓLINGEN BIR «5»

Kúndelikten,
Aǵası,
Kórsetti «5»
Bahasın.

Al, inisi:
Negedur
Pitpey isi,
Ele tur.

Aqırı ol,
Tillesti:
—Aldım men de,
Bir «5»ti.

—Oho, neden,
«5» aldıń?
—Eki pánnen,—
Dep saldı...

## «USTA»

**Balası:**

—Oqıp jaqsı,
Úyrenip,
Sizdey, aǵa,
Úlkeyip.

Bolmaqshıman,
Qısqası,
Televizor
Ustası!

**Ákesi:**

—Durıs sheshim,
Bunıń da.
Aytpap eń ǵo,
Burında?

**Balası:**

—Aytsam, jańa,
Ses berip,
Turǵanımda
Tekserip.

Televizor
Tosınnan,
Túsip ketti
Ornınan ...

## DÁWETTÍŃ ISHINDEGI QUYRÍQ

Ákelip bir
Súwretti,
Ákesine
Kórsetti.

—Uqsatıp, pah,
Sızıpsań!
Attıń ózi
Qılıpsań.

Biraq balam,
Hesh qashan,
Quyrıqsız at
Bolmaǵan.

Bul attiki,
Qayaqta?—
Ayttı bala
Sol waqta!

—Salmaqshıman,
Izinde.
Ol—dáwettiń
Ishinde!

## OL BASQA

Úy aldı qum,
Topıraq.
Topıraqta
Topırlap.
Uzaq,
Yashka,
Ómirbek,
Oynap «úy-úy»
Otır edi.
Keldi sonda,
Bir ǵarrı.
Turıp Yashka,
Eń aldı,
Berdi sálem,
Ataǵa.
Ata bolsa,

Balaǵa,
Soraspaqqa,
Sozıp qol,
«Amanbısań»—
Dedi ol.
Bilgishsinip,
Sol waqta,
Suwdırladı,
Uzaq ta:
Yaq, atajan,
Basqa ol.
Aman emes,
Yashka ol.

## «SIR» KEREK

Qolǵa alıp,
Bir kúni,
Ǵarǵa menen
«Túlkini».

Oqıp berdi
Taqmaqlap.
Alǵan eken
Yadlap tap.

Dedi oǵan:
Jaraysań!
Maqul boldı
Qaysı ań?

«Sır» tislegen
Ǵarǵa ma?
Yaki túlki
Aǵla ma?

—Túlki, Ǵarǵa.
Ne kerek?
Maqul maǵan
«Sır»ı tek!

## MAZMUNÍ

FUTBOLSHÍ .......... 3
PÁNT .......... 3
MENIŃ ÁJAǴAM .......... 3
KIM DEYDI? .......... 5
«MIYAW» .......... 6
LAPGÓY BALA .......... 6
«DOS» .......... 7
«DILWAR» .......... 8
USHQALAQ .......... 8
«PALWAN» .......... 9
BIR DANA SHOPAQ .......... 9
ÍLAǴÍM ELIKLEP QORAZǴA .......... 12
SHOKOLADÍ QÁNEKEY? .......... 13
ÚKEM .......... 14
QONAQQA KELIŃ .......... 14
BALÍQSHÍ .......... 15
TÁSIRLI KEŃES .......... 15
QOL TIYGIZBEY... .......... 15
MAQTANSHAQ .......... 16
OYSÍZLÍQ .......... 16
JUMBAQ .......... 17

### YUMORLAR

*(Dúrkin)*

TUSH TABÍLMAY MA? .......... 18
PÍSHÍQTÍŃ QAM ETI .......... 19
KIM TÓBELES TAPPAQSHÍ? .......... 19
«QULAQ TAWLAW» .......... 20
«SHIRESHIL» .......... 21
KIM MENEN? .......... 21
QAYSÍSÍ JAQSÍ! .......... 22
«TÚRIK QULAQ» .......... 22
EKIGE BÓLINGEN BIR «5» .......... 23
«USTA» .......... 24
DÁWETTÍŃ ISHINDEGI QUYRÍQ .......... 24
OL BASQA .......... 25
«SÍR» KEREK .......... 26